



New York State
Division of Housing and Community Renewal
Office of Rent Administration

*Deklarasyon Règleman 93-2 (20 Out 1993)
(Ranplasman Deklarasyon Règleman 90-3)*

Major Capital Improvement, MCI (Definisyon Chanm pou Objektif Gwo Amelyorasyon Enpòtan)

Definisyon yon chanm pou objektif MCI endike konsa:

- 1) Yon kuizin san fenèt ki gen omwen 59 pye kare oswa yon kuizin nenpòt gwosè ki gen fenèt. Nan nenpòt ka, yon kuizin dwe fèmen avèk omwen twa kote, sof kote (yo) ki gen antre a.
oswa
- 2) Yon zòn fèmen ki gen fenèt epi ki gen omwen 60 pye kare.
oswa
- 3) Yon zòn fèmen ki pa gen fenèt epi ki gen omwen 80 pye kare.

Twalèt, plaka kote pou mache, galri, teras oswa koulwa pa chanm.

Yon "kote ki fèmen" se yon kote ki bare avèk miray plafon-nan-planche, youn oswa plis ki ka gen yon antre. Yon antre nan yon zòn fèmen dwe swa se yon pòt oswa yon akad louvri ki gen dimansyon ki sanble anjeneral avèk ankadreman yon pòt ki gen dimansyon estanda, men ki ka laj menm jan avèk ankadreman yon pòt ki gen dimansyon doub. Yon pòt-a-koulis oswa lòt kalite pòt ap kalifye anjeneral kòm yon antre nan yon zòn ki fèmen. Men, kote gen de zòn toupre ki fèmen separe avèk yon akad ki pi gwo nan dimansyon pase yon pòt ki gen dimansyon doub oswa ki distenge youn ak lòt avèk yon diferans ki fasil pou remake sou fòm jewometrik (tankou yon fòm "L"), epitou kote chak nan zòn yo gen omwen 60 pye kare ak omwen yon fenèt, ou dwe konsidere zòn toupre sa yo kòm de chanm.

N ap detèmine yon inite lojman gen menm kantite chanm ak lòt inite lojman sanblab (jan se detèmine, pa egzanp, nan plan chanjman oswa dapre konparezon avèk lòt inite lojman ki liy lan) malgre yo modifye li oswa adapte li sou kòmanm nan yon manyè ki te ka lakòz yon kantite chanm ki pi piti si lòt prensip ki endike nan Deklarasyon Règleman sa a te aplike.

Pwopriyete a ta dwe itilize definisyon sa a pou yon "chanm" lè l ap aplike pou ogmantasyon pri lwaye nan MCI pou apatman ki gen pri lwaye kontwole ak apatman ki gen pri lwaye estabilize. DHCR ap voye yon avi ba chak lokatè ki afekte konsènan kantite chanm pwopriyete a afekte nan apatman li lè li aplike pou MCI. Si yon lokatè pa dakò avèk kantite chanm nan pou apatman li jan sa endike nan aplikasyon pwopriyete a pou MCI, li dwe fè objeksyon sa nan pwosedi MCI.

Chanjman ki fèt na pati Deklarasyon Règleman sa a ki endike kalifikasyon yon kuizin (paragraf nimewo "1" ki anwo a dwe anvigè imedyatman, epitou li dwe aplike pou tout pwosedi ki annatant. Nan tout lòt aspè yo, Deklarasyon Règleman sa a dwe anvigè pou tout aplikasyon pou MCI pwopriyete yo depoze 15 oktòb 1993 ak apre dat sa a oswa nan dat apre a paske nouvo fòm aplikasyon yo pral disponib avèk definisyon revize pou "chanm" ki endike nan Deklarasyon Règleman sa a. Jouk nan moman an, Deklarasyon Règleman 90-3 ki endike dènye definisyon "chanm" pou pwosedi MCI, dwe rete anvigè.

Joseph A. D'Agosta
Manm Komisyon Adjwen
pou Administrasyon Lwaye

Nou re-pibliye dokiman sa a pou bay enfòmasyon sèlman.

Dokiman orijinal ki gen siyati otorizasyon an sou dosye nan Biwo Administrasyon Lwaye DHCR.